

# Samdi 13 janvyè Dènnye Jou pou Ale nan Sant Redrèsman aprè Dezas (Disaster Recovery Center) nan Coral Bay

---

**Release Date: Janvyè 9, 2018**

**ST. CROIX, Zile Vyèj** – 13 janvyè se dènnye jou pou vizite Sant Redrèsman aprè Dezas (Disaster Recovery Center, DRC) la ki chita nan Coral Bay nan Town & Country Building, nan St. John.

Sis (6) DRC toupatou sou teritwa a pou asiste sivivan siklòn Irma ak Maria yo. DRC yo ofri sipò fas-a-fas bay moun ak biznis ki te sibi domaj akòz siklòn yo.

Espesyalis redrèsman yo ki soti nan Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak Administrasyon TiBiznis Etazini (U.S. Small Business Administration, SBA) an disponib pou ede moun k ap mande enfòmasyon pou konnen nan ki pwen reklamasyon FEMA oswa demann prè lajan SBA yo rive.

Sant redrèsman ki rete yo louvri soti 8è a.m. pou 5è p.m. lendi jiska vandredi ak 9è a.m. pou 2è p.m. samdi.

- St. John
  - Cruz Bay nan U.S. Virgin Islands Legislature, St. John Annex, 1D Cruz Bay
- St. Croix
  - Christiansted nan St. Peter's Episcopal Church, 38-44 Castle Coakley
  - Frederiksted nan Rotary Club West, 40 KA-KD Estate LaGrange
  - Christiansted nan Old Post Office Building nan kwen Church and Company streets
- St. Thomas
  - Charlotte Amalie nan ansyen Scotiabank, 81 CC&DD Kronsprindsens Gade
  - Charlotte Amalie nan Tutu Park Mall, 4605 Tutu Park Mall, Suite 233



**FEMA**

Page 1 of 2

Sivivan yo kapab tcheke nan ki pwen reklamasyon FEMA yo rive nan [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov) oswa yo kapab rele nan **800-621-3362**. Moun ki gen yon andikap pou pale oswa ki di pou tande epi ki itilize TTY ta dwe rele nan 800-462-7585 dirèkteman. Moun ki itilize 711 oswa Sèvis Relè Dideyo (Video Relay Service, VRS) gendwa rele nan 800-621-3362. Nimewo sèvis kliyan SBA an se **800-659-2955**.

###

*Gen asistans pou retabli ki disponib bay tout moun san nou pa gade ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, kapasite pou pale Angle oswa nivo ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan **800-621-3362** (sèvis vokal, **711/VRS** – Sèvis Relè Videyo) (TTY: **800-462-7585**). Operatè ki pale plizyè lang disponib (peze 2 pou Panyòl).*

*Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou ak ekip entèvansyon ijans yo pou asire n ap travay men nan lamen antanke nasyon pou konstwi, kenbe ak amelyore kapasite nou pou pare, pou pwoteje nou, pou reponn ak pou nou retabli epi pou nou redwi tout danje yo.*

*Aprè gwo dezast, Administrasyon Etazini pou TiBiznis (U. S. Small Business Administration, SBA) se premye sous Fon Federal pou asistans redrèsman alontèm. Asistans sa a se prè lajan ki gen enterè ki ba epi li disponib pou tout biznis kè lkeswa gwosè yo ki pa nan agrikilti, òganizasyon prive ki pa pou fè pwofi ansanm ak pou pwopriyete kay ak lokatè ki gen pwopriyete yo ki domaje akòz dezast la.*

*Swiv nou sou twitter nan [twitter.com/femaregion2](https://twitter.com/femaregion2) ak [www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands](https://www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands).*

*Pou bay lajan owa pou pwopoze tèt ou kòm volontè, kontakte òganizasyon volontè oswa charitab ou pito a atravè Ajans Nasyonal Volontè ki Aktif pandan Dezast (National Voluntary Agencies Active in Disasters, NVOAD) nan [www.nvoad.org](https://www.nvoad.org). Moun ki ta renmen ede yo ta konsidere ke don **lajan kach** bay ajans volontè yo plis fleksibilite pou jwenn resous li plis bezwen yo epi sa ede ponpe lajan nan ekonomi lokal la pou ede biznis yo refè. Fondasyon Kominotè Zile Vyèj (The Community Foundation of the Virgin Islands) gen tou yon “Fon pou Zile Vyèj yo” nan [www.USVIrecovery.org](https://www.USVIrecovery.org).*



**FEMA**

Page 2 of 2